



Pou Piblikasyon Imedya: 18/03/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKSPANSYON PWOGRAM RANBOUSMAN PRÈ
POU PRATIKAN SANTE MANTAL KAP SÈVI TIMOUN AK JENÈS LA**

***Pwogram popilè a pwolonje pou travayè sante mantal kalifye yo lakay founisè ak
etablisman ki gen lisans Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an***

***Yo akòde plis pase 9.6 milyon dola pou ede founisè swen sante mantal yo ak
lopital ki baze nan kominote a atire epi kenbe anplwaye pwofesyonèl yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon ekspansyon 4 milyon dola pou [Pwogram Ranbousman Prè Sante Mantal Kominotè \(Community Mental Health Loan Repayment Program\)](#) pou enkli pwofesyonèl ki gen lisans k ap sèvi timoun ak adolesan nan pwogram ki gen lisans oswa ki finanse pa eta a. Administre pa Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) eta a, an patenarya ak Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) an, finansman an pral bay omwen 400 prim ki rive jiska 30,000 dola pou ede pwofesyonèl sante mantal k ap sèvi jèn yo ranbouse prè edikasyon ak dèt elèv yo, depi yo travay twazan minimòm nan pwogram sante mantal ki elijib yo.

"Efikasite sistèm swen sante mantal Eta Nouyòk la depann de kapasite nou pou atire gwo pwofesyonèl pou fè travay enpòtan sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou agrandi pwogram Ranbousman Prè Sante Mantal Kominotè a nan pwogram ak etablisman k ap sèvi jèn yo, nou ka ede eta nou an kenbe anplwaye ki egziste deja yo ak rekrite nouvo pwofesyonèl epi evite fè fas ak mank yo konstate nan anpil lòt domèn nan nasyon nou an."

Pwogram Ranbousman Prè Sante Mantal Kominotè a bay jiska 120,000 dola pou sikyat ak 30,000 dola pou lòt pwofesyonèl sante mantal pou ranbouse prè edikasyon kalifye ak dèt etidyan yo, sou kondisyon pwogram sante mantal kominotè ki gen lisans yo kenbe yo anboche pandan twa ane. Elijibilite pwogram lan enkli anpil pwofesyonèl sante mantal ki gen lisans, tankou mèd ak travayè sosyal klinisyen yo; konseye sante mantal; terapeyèt konjigal ak famiyal; terapeyèt atistik kreyatif, sikanalis, ak sikològ yo.

Yon gwo priyorite pou kapasite mendèv la se nan mendèv sante konpòtmantal timoun ak jèn yo, akòz [kriz sante mantal jèn](#) ak bezwen pwofesyonèl sante mantal pou adrese [ijans nasyonal nan sante mantal timoun ak adolesan](#). Ekspansyon an pral konsantre

plis sou pwofesyonèl ki gen lisans ki kalifye k ap sèvi timoun ak adolesan nan pwogram kominotè ki gen lisans yo, ki deziyen oswa finanse pa OMH oswa OCFS pou ogmante aksè ak disponiblite sèvis sante mantal pou timoun ak jèn yo.

Dènye ekspansyon pwogram ranbousman prè a pral pwolonje omwen 400 prim bay founisè OMH ak OCFS k ap ofri sèvis sante mantal swen dirèk pou timoun oswa adolesan yo. Sa gen ladann pwogram tretman lajounen pou timoun yo, pwogram Entèvansyon nan Kriz ki Baze nan kKay (Home Based Crisis Intervention programs), pwogram tretman entegre pou twoub alimantasyon rezidans nan kominote a, ak ajans swen adoptif volontè yo, pwogram sekirite limite ki apwouve nan kad inisyativ "Toupre Lakay" ("Close to Home") Vil Nouyòk la, ak pwogram jèn ki sove epi ki sanzabri yo.

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta Nouyòk, te deklare, "Ogmante mendèv sante mantal jèn nou yo enpòtan anpil nan elaji aksè ak sèvis sante mantal pou jèn Nouyòkè nou yo. Agrandisman pwogram ranbousman prè sa a pral ede nou bati yon mendèv swen sante mantal ki vrèman reponn ak bezwen nou jodi a ak alavni. Mwen bat bravo pou konsantrasyon kontinyèl Gouvènè Hochul sou ranfòse sistèm swen sante mantal nou an epi asire tout Nouyòkè yo gen sipò yo bezwen pou yo viv ak pwospere."

Komisè Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta Nouyòk Doktè DaMia Harris-Madden, te deklare, "Envestisman fòmidad Gouvènè Hochul te fè nan sistèm sante mantal la reponn ak bezwen k ap grandi pou sipò, sèvis, ak opòtinite pou moun ki bezwen entèvansyon, ansanm ak moun ki enpòtan anpil pou mendèv sistèm nan. Avèk youn nan senk moun nan Etazini ki soufri maladi sante mantal - ak pousantaj alamant nan jèn ak timoun ki gen gwo bezwen - li nesesè pou konstwi yon seri karyè pou sipòte sistèm sante mantal la. Pwofesyonèl sante mantal nou yo se yon pati ki enpòtan nan sipòte byennèt konplè timoun ak jèn yo. OCFS sipòte objektif Gouvènè a ak Biwo Sante Mantal pou ranfòse mendèv sante mantal la nan pwolonje Pwogram Ranbousman Prè Sante Mantal Kominotè a bay pwofesyonèl ki gen lisans k ap sèvi timoun ak adolesan nan pwogram ki gen lisans OCFS yo."

Yon [lèt 3 milyon dola](#) disponib pou pwofesyonèl ki kalifye yo ki anplwaye pa founisè ki gen lisans OMH, ki gen ladan pwogram ijans sikyatrik konplè, etablisman tretman rezidansyèl, ekip tretman kominotè aktif, tretman lajounen pou timoun yo, tretman sante mantal pou pasyan ekstèn ak sèvis reyabilitasyon ak sant estabilizasyon kriz. Finansman sa a soti nan faz pwogram anvan yo epi li pral sipòte omwen 120 prim, ki gen ladan 60 sikyat ak 60 enfimyè pratikan nan sikyatri oswa asistan doktè sikyatrik.

Jiska prezan, pwogram nan deja bay apeprè 9.6 milyon dola anyèl ranbousman prè sou non 909 anplwaye pwogram sante mantal kominotè yo. Sa gen ladann 77 sikyat, 164 enfimyè sikyatrik ak asistan doktè ak 668 pratikan sante mantal ki gen lisans.

Gouvènè Hochul te etabli pwogram ranbousman prè a an 2022 ak 9 milyon dola nan finansman eta a pou ede ajans sante mantal kominotè yo rekrute epi kenbe sikyat ak

enfimyè pratikan nan sikyatri yo. Pwogram nan te [agrandi](#) an 2023 ak yon lòt 5 milyon, ki te pèmèt pwofesyonèl sante mantal ki gen lisans pou aplike pou prim yo.

Nasyonanman, ogmantasyon pousantaj maladi mantal ak twoub itilizasyon sibstans te kreye yon demann ogmante pou sikyat ak lòt pwofesyonèl sante mantal yo, yon bezwen ki prevwa depase kwasans domèn sa a nan mendèv la. Dapre rezilta [Sant pou Etid Mendèv Sante](#) (Center for Health Workforce Studies), yo prevwa Eta Nouyòk gen ap yon defisi ant apeprè 1,180 ak 2,650 sikyat disi 2030.

Agrandisman pwogram ranbousman prè a refilete angajman solid Gouvènè Hochul pou adrese ak amelyore sante mantal jèn yo nan tout eta a. Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2026 li a pral elaji fòmasyon Premye Swen Sante Mantal Adolesan (Teen Mental Health First Aid) pou elèv lekòl segondè yo pou ede yo reponn ak siy pwoblèm sante mantal ak itilizasyon sibstans; epi yo pral ajoute kat Espas Sekirize pou Jèn (Youth Safe Spaces) yo atravè eta a pou bay yon kote pou jèn yo jwenn aksè ak resous byennèt sante konpòtmantal yo.

Kòm yon pati nan inisyativ sante mantal 1 milya dola istorik li a, Gouvènè Hochul te elaji siyifikativman aksè ak swen sante mantal ak resous pou jèn yo ak fanmi yo – investisman ki te ogmante ankò nan Bidjè Anèks Fiskal 2025 la. Investisman sa yo gen ladan [20 milyon dola nan finansman demaraj ak yon pwosesis aplikasyon kontinyèl](#) pou klinik sante mantal ki nan lekòl yo; epi bay 9.6 milyon dola pou ajoute 12 nouvo Tretman Kominotè Asètiv pou Jèn (Youth Assertive Community Treatment) yo pou asire resous ak sipò yo disponib pou plis fanmi.

Senatè Eta, Samra G. Brouk, te deklare, "Kòm Prezidan Komite sou Sante Mantal Sena a (Senate Committee on Mental Health), mwen te travay aktivman pou adrese kriz sante mantal jèn yo nan tout eta a pandan m ap sipòte mendèv sante mantal la. Mwen te goumen pou ogmante sipò pou moun k ap bay swen pou sove lavi yo ak lejislasyon mwen an pou etabli yon pwogram ranbousman prè sante mantal nan lekòl ki ede jèn pratikan sante mantal yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li elaji Pwogram Ranbousman Prè Sante Mantal Kominotè a pou ede travayè sante mantal nou yo kontinye bay bon jan kalite sèvis ki gen konpasyon pou jèn Nouyòkè nou yo."

Manm Asanble, Andrew Hevesi, te deklare, "Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul poutèt li te elaji Pwogram Ranbousman Prè Sante Mantal Kominotè a. Pwogram padon prè sa a ede asire nou gen ase pwofesyonèl kalifye pou adrese kriz sante mantal eta nou an ap fè fas, sitou sa ki afekte timoun nou yo."

Gouvènè Hochul te etabli tou Konsèy Konsiltatif pou Sante Mantal Jèn yo (Youth Mental Health Advisory Board), yon konsèy konsiltatif ki gen 30 manm ki gen ladann jèn ki gen laj ant 11 ak 17 an. Konsèy konsiltatif la reyini chak trimès epi li fèt pou asire ke pi bon pratik ki enfòmè jèn yo kontinye enkòpore nan devlopman pwogram ak politik sante konpòtmantal yo.

Direktè Egzekitif Konsèy Eta Nouyòk pou Swen Sante Konpòtmantal Kominotè (Council for Community Behavioral Healthcare), Lauri Cole, te deklare, "165 manm Konsèy Eta Nouyòk pou Swen Sante Konpòtmantal Kominotè a bat bravo pou Gouvènè Hochul ak kòlèg enfatigab nou yo nan Biwo Sante Mantal la paske yo gen vizyon pou yo bay agrandisman enpòtan sa an tèm yon pwogram ranbousman prè enpòtan ki konsantre sou bezwen sante mantal timoun, jèn ak fanmi pou nou kapab rekrute epi kenbe mendèv ki nesèsè pou sèvi yo. Gen kèk bagay ki ka pi enpòtan pase asire Nouyòkè sa yo gen aksè rapid ak sèvis nan yon nivo swen ki pi byen adapte pou satisfè bezwen pa yo. Sa ka rive sèlman si nou ankouraje sikyat, enfimyè pratikan nan sikyatri, pratikan sante mantal ki gen lisans ak lòt moun ki vle fè yon diferans nan lavi Nouyòkè sa yo, men ki souvan akable ak dèt ki pa jere."

Prezidan ak Direktè Jeneral Konsèy Ajans k ap Pran Swen Fanmi ak Timoun yo (Council of Family and Child Caring Agencies) nan Eta Nouyòk, Kathleen Brady-Stepien, te deklare "Nou remèsye Gouvènè a paske li priyorize bezwen sante mantal jèn yo nan eta a, epi paske li rekonèt enpòtans kritik wòl mendèv byennèt timoun nou an nan domèn sante konpòtmantal la. Nou kontan wè investisman sa a pou sipòte anplwaye yo atenn edikasyon siperyè yo ak objektif karyè yo, paske yon mendèv ki estab ak byen antrene enpòtan anpil pou asire bon jan kalite sèvis, rezilta pozitif pou timoun nou yo ak fanmi nou yo, epi redwi kantite tan nan swen adoptif."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kowalisyon Eta Nouyòk pou Sante Konpòtmantal Timoun yo (Coalition for Children's Behavioral Health), Kayleigh Zaloga, te deklare, "Nou apresye anpil priyorite pratikan k ap sèvi timoun yo, ak enklizyon founisè ki gen lisans OCFS nan agrandisman Pwogram Ranbousman Prè Sante Mantal Kominotè a. Se yon etap ki akeyi nan direksyon pou ranfòse mendèv sante konpòtmantal timoun yo lè yo investi nan pratikan ke jèn yo ak fanmi yo konte sou yo. Soulaje fado finansye dèt prè etidyan yo se yon benefis enpòtan ki pral pèmèt plis pratikan ki gen lisans rete nan pwogram ki bezwen yo, nan yon moman kote bezwen kominote a pou sèvis sante konpòtmantal yo kontinye ap ogmante. Antanke yon domèn ki gen anpil fanm, nou vle tou mete aksan sou valè nan investi nan mendèv sante konpòtmantal timoun yo kòm yon estrateji pou sipòte estabilite ekonomik fanm yo an menm tan ak amelyore aksè timoun yo ak fanmi yo ak swen."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)